

Liv sou dwa paran

Paran bonjou! Swa yo rekòmande pitit-ou pou li resevwa oswa kounye-a pitit-ou ap resevwa sèvis edikasyon espesyal pou okipe bezwen edikasyon-li. Liv-sa-a prepare pou ede-ou konprann pwosedi edikasyon espesyal la ak dwa-ou.

Kondisyon ki konsènen edikasyon espesyal chita sou lalwa leta ak lalwa federal. Men lalwa-yo ki gen rapò ak sa:

Lalwa Leta: Lalwa Leta sou edikasyon espesyal gen non popilè “Chapter 766” (chapit 766), sa se nimewo lalwa yo te pase an 1972. Lalwa-sa-a entegre nan lalwa jeneral Masachisèt (MGL) nan Chapit 71B. Règleman ki kontwole aplikasyon lalwa-a fè pati Kòd Règleman Masachisèt (CMR) ki nan 603 CMR, Seksyon 28.00.

Lalwa Federal: Lalwa federal sou edikasyon espesyal rele “IDEA” (Lalwa sou edikasyon moun ki andikape). Lalwa-sa-a fè pati Kòd Etazini nan 20 U.S.C. § 1400. An 1997, Kongrè Etazini otorize IDEA yon dezyèm fwa, se konsa yo vin bay lalwa revize-a non popilè “IDEA-97.” Règleman ki kontwole aplikasyon IDEA-a fè pati Kòd Règleman Masachisèt (CFR) ki nan Chapit 34, Seksyon 300.


Lalwa federal ak lalwa leta sou edikasyon espesyal pran rasin nan sis (6) prensip fondanatal:

1. Patisipasyon paran ak elèv
2. Edikasyon piblik ki bon epi gratis (FAPE)
3. Evalyasyon ki bon
4. Pwogram edikasyon endividyèl (IEP)
5. Anviwònman avèk mwens restriksyon
6. Pwosedi pou pwoteksyon dwa

Yo esplike chak prensip-sa-yo nan sèksyon-yo ki vin apre nan dokiman-sa-a:

1. **Patisipasyon paran ak elèv** – Lalwa prevwa anpil okazyon pou paran patisipe nan preparasyon ak diskisyon sou bezwen edikasyon espesyal pitit-ou, epitou kòm manm entegral ekip kap diskite kalifikasyon, plasman ak sèvis pou pitit-ou. Reyinyon ekip-la dwe fèt nan jou ak lè ki konvnan pou nou kit pou lòt manm ekip-la. Si pitit-ou deja gen 14 àne distrik-la dwe envite pitit-ou nan reyinyon ekip-la. Si pitit-ou pako gen 14 àne nou kapab envite-li nan reyinyon ekip-la si nou kwè se nan enterè-li. Si nou pa kapab patisipe nan reyinyon ekip-la, Distrik-la oblije jwenn lòt mwayen (tankou konvèsasyon nan telefòn oswa

okazyon pou lòt reyinyon) pou li asire nou jwenn okazyon pou nou patisipe menm si nou pa ka prezan. Ou gen dwa dakò avèk oswa rejte pwopozisyon yo ka fè-yo pou edikasyon pitit-ou. Epitou yo dwe resevwa tout enfòmasyon nan yon lang yo ka konprann. Ofiyamezi elèv-la ap grandi lap kòmanse gen dwa patisipe nan pwosedi ekip-la epi prepare pasaj-li nan lavi adilt-li. Anplis lalwa bay elèv tout laj kap resevwa edikasyon espesyal dwa pou li patisipe nan pwogram edikasyon nòmal nan lekòl-la. Li menm gen dwa patisipe nan pwogram evalyasyon ki fèt nan tout lekòl-la oswa nan tout Leta-a.



Lalwa pa pale dirèkteman sou responsablite paran men li bay okazyon pou ou patisipe nan dyalòg avèk distrik lekòl-la konsènen pitit-ou. Ou dwe pataje enfòmasyon sou pitit-ou epi, distrik lekòl-la dwe pran an konsiderasyon enfòmasyon-yo ou bay ak preyokeyasyon ou genyen. Li enpòtan anpil pou ou konprann ki jan edikasyon espesyal kapab gen siksè. Se yon


kolaborasyon san rete ant tout moun ki gen enterè nan founi pi bon edikasyon posib pou elèv-la. Malgre kòm paran ou gen anpil dwa, li enpòtan anpil tou pou ou sonje relasyon ou ap devlope avèk distrik lekòl-la ap dire plizyè àne, konsa yon relasyon pozitif epi kowoperatif ant paran-an ak pèsonnèl distrik lekòl-la ap pi vit rive rapòte pi bon benefis pou elèv-la.

2. **FAPE** – Dapre lalwa federal elèv ki kalifye pou edikasyon espesyal gen dwa resevwa “FREE, APPROPRIATE, PUBLIC EDUCATION” (edikasyon lekòl piblik ki gratis epi ki konvni) oswa “FAPE”. Prensip FAPE etabli pou sèvis edikasyon espesyal yo egzije pou distrik lekòl la fè kou yo epi bay esplikasyon yo swivan sa chak elèv anpatikilye bezwen, epi pou gen ase sèvis ki bay sipò pou ede elèv la fè bon jan pwogrè nan edikasyon li. Yo fèt pou bay elèv la nenpòt sèvis edikasyon espesyal yo reyalize ki ta bon pou elèv la sou frè piblik san li pa koute paran yo anyen. Tout elèv ki nan sistèm edikasyon piblik nan Commonwealth la, menm elèv ki andikape, gen dwa pou yo gen opòtinite pou yo aprann materyèl yo anseye yo swivan prensip akademik ki genyen nan pwogram lekòl nan Masachisèt yo.

3. **Bon jan evalyasyon** – Pou chak elèv yo dwe fè yon evalyasyon an detay epi total pou yo detèminen si elèv la andikape epi si li kalifye pou edikasyon espesyal. Si li kalifye, yo dwe ede detèminen edikasyon espesyal ki konvni ak lòt sèvis ki kapab nesèsè. Paran ki gen enkyetid sou devlopman pitit yo oswa ki sispèk li posib pou timoun nan enfim ka refere timoun nan pou yon premye evalyasyon. Yo pa bezwen itilize vokabilè espesyal lè se yon referans yap bay pou yon premye evalyasyon. Lè nou resevwa demann pou premye evalyasyon an, distrik lekòl la fèt pou voye yon avi bay paran a epi li fèt pou mande konsantman paran an pou li ka fè evalyasyon an. (Yon distrik lekòl pap fasilman gen okazyon pou refize fè yon premye evalyasyon epi li kapab fè evalyasyon an sèlman si paran an oswa lòt moun kap mande referans lan pa sispèk timoun nan gen yon enfimite oswa si paran an oswa lòt moun kap mande referans lan pa gen enkyetid sou devlopman timoun nan). Depi li nesèsè, distrik lekòl la ka bay paran an enfòmasyon sou sèvis ki ka bay timoun nan ak paran an sipò epi ki ka reponn pi byen a bezwen elèv la anpatikilye. Men, yon distrik lekòl pa ka refize pou fè evalyasyon yon elèv yo refere pou yon evalyasyon tankou kalite evalyasyon nou dekri anwo nan paragraf sa a poutèt yon pwogram anvan referans ni pou yo ka eseye lòt aktivite ki bay sipò epi ki ede timoun nan aprann ni pou okenn lòt rezon. Anplis lalwa prevwa yo dwe refè evalyasyon tanzantan pou yo asire elèv ap jwenn avantaj nan edikasyon espesyal-la epitou si li kontinye bezwen edikasyon espesyal. Yap toujou mande konsantman-ou anvan yo refè yon evalyasyon.

Nan Masachisèt anvan yo decide yon elèv kalifye pou edikasyon espesyal elèv-la dwe pwouve li gen yon andikap (tankou otis, devlopman retade, andikap entelektiyèl, sansoryèl, newolojik, emosyonèl, andikap nan kominikasyon, nan kondisyon fizik ak nan sante epi difikilte pou aprann), andikap ki anpeche elèv-la fè pwogrè reyèl nan edikasyon-li epi ki egziye pwogram edikasyon espesyal ak lòt sèvis pou pèmèt -li pran avantaj edikasyon nòmal. Yon premye evalyasyon pou detèminen si elèv-la kalifye va ranmase ase enfòmasyon pou pèmèt yon desizyon ki va pran tout faktè-yo an konsiderasyon.

Malgre pwogram tès eta a, Sistèm kontwòl detaye Masachisèt-la (MCAS) se yon evalyasyon, ki pa fè pati evalyasyon yo fè pou detèminen si elèv-la bezwen edikasyon espesyal. Lalwa sou edikasyon espesyal bay pwoteksyon pou asire tout elèv andikape gen okazyon pran tès swa leta a oswa distrik-la bay pou asire tout bezwen elèv-ya ki andikape konsidere nan yon òd metodik. Konsa ou pa bezwen bay pèmasyon ou pou pitit-ou patisipe nan MCAS osnon nan okenn tès leta oswa distrik-la bay. Men lè ekip-la va fè reyinyon pou devlope Pwogram edikasyon endividyèl pitit-ou (gade nimewo 4 anba-a sou IEP) ou-menm ak lòt manm ekip-la va diskite ki bon jan pou pitit-ou patisipe nan MCAS, epi ekri sa nan IEP pitit-ou.



4. **IEP** – Lalwa mande pou ekip-la devlope yon “Individualized Education Program” (pwogram edikasyon endividyèl) oswa IEP ekri yon jan ki esplik pwogram ak sèvis ki nesèsè epi kap vin disponnib sito yo detèminen yon elèv kalifye pou edikasyon espesyal. Yap toujou mande pèmasyon ou anvan yo kòmanse founi okenn sèvis.

5. **Anviwònman ak mwens restriksyon** – Prensip-sa-a ke yo rele “LRE” (Least Restrictive Environment) vle di yon elèv ki bezwen sèvis edikasyon espesyal dwe resevwa sèvis-ya nan menm anviwònman edikasyon nòmal avèk lòt elèv ki pa bezwen edikasyon espesyal. LRE vle di tou yo pa kapab retire yon elèv nan yon anviwònman edikasyon nòmal sòf si kalite ak enpòtans bezwen edikasyon espesyal elèv-la pa ka jwenn satisfaksyon nan klas edikasyon nòmal menm avèk èd ak sèvis siplemantè. IDEA-97 ranfòse prensip-sa-a pi plis ankò lè li di yo pa kapab retire okenn timoun nan klas edikasyon nòmal sèlman paske pwogram etid-la ap bezwen modifikasyon. Sa vle di, ekip-la oblije konsidere ki jan yo kapab bay timoun-lan sipò nan klas edikasyon nòmal anvan yo ka konsidere bay pitit-ou sèvis nan yon lòt aranjanman.

6. **Pwoteksyon sou pwosedi** – Pou fini, lalwa etabli plizyè pwoteksyon sou pwosedi ki asire dwa paran ak dwa elèv-ya, pou asire ke yo bay enfòmasyon a lè, epi pou asire yo delivre sèvis-ya kòm sadwatèt. Paranyo gen anpil dwa pou aksepte oswa refize nenpòt pwopozisyon distrik lekòl-la prezante-ya. Epitou, yo gen dwa tou pou yo fè pwòp pwopozisyon pa-ya.

Sa kap vin apre nan liv-sa-a pral bay detay presi sou diferan pwoteksyon sou pwosedi lalwa.


Ou pa oblije li liv-sa-a pa plis ou oblije pran aksyon ak youn oswa plis nan dwa-sa-ya. Men yo ka enterese konnen epi konprann enpòtans ak ki pwoteksyon li bay ou. Nou espere ou va sèvi ak liv-sa-a pou ede-ou konprann lalwa, dwa ou ak responsablite-ou epitou reponsablite distrik lekòl-la. Men tou pa gen okenn edikasyon sou pwosedi ki kapab ranplase yon kolaborasyon pozitif avèk distrik lekòl-la.

Dwa pou resevwa ànons ekri

Se dwa ou pou resevwa ànons ekri nan yon tan rezonnab anvan distrik lekòl-la pwopoze osnon refize pran inisyativ oswa chanje swa idantifikasyon, swa evalyasyon, oswa plasman pou edikasyon pitit-ou, oswa ankò chanje aranjman FAPE pou pitit-ou.

Sa vle di dwa gen ànons ekri nan tout sikonstans espesifik-sa-yo:

- ◆ Lè yon distrik lekòl gen entansyon pou li fè yon premye evalyasyon oswa pou li refè yon evalyasyon.
- ◆ Nan sikonstans ki pa fèt souvan, lè distrik lekòl la refize fè yon premye evalyasyon oswa refize refè yon evalyasyon.
- ◆ Lè distrik lekòl-la pwopoze yon IEP nouvo oswa revize.
- ◆ Lè distrik lekòl-la pwopoze yon chanjman nan plasman.
- ◆ Lè yo sispann yon elèv pou plis ke 10 jou swivi nan yon àne lekòl.
- ◆ Lè distrik lekòl-la pwopoze pou yo tèminen sèvis edikasyon espesyal.
- ◆ Lè distrik lekòl-la refize chanje yon IEP oswa yon plasman ki te aksepte deja.
- ◆ Lè distrik lekòl-la di apre yon evalyasyon li pa jwenn okenn bezwen espesyal.
- ◆ Lè distrik lekòl-la refize fè yon evalyasyon paran mande.
- ◆ Lè distrik lekòl-la refize bay sèvis ou mande ki pa nan IEP pitit-ou, oswa refize fè yon bagay ou mande ki poutan prevwa nan edikasyon espesyal pitit-ou.



Ànons ekri-a dwe gen ladann:

- (a) yon espplikasyon detaye sou pwosedi pou pwoteje dwa ki disponnib pou ou dapre lalwa federal sou edikasyon espesyal (jan li esplike nan liv-sa-a);
- (b) yon deskripsyon aksyon distrik lekòl-la pwopoze oswa refize ki gen ladann:
 1. yon eksplikasyon rezon ki fè aksyon-an aksepte oswa refize;
 2. yon deskripsyon nenpòt chwa distrik lekòl-la konsidere avèk espplikasyon rezon ki fè chwa-an refize ;
 3. yon deskripsyon pwosedi pou chak evalyasyon, tès ak dosye ki sèvi pou pwopoze oswa refize aksyon-an;
 4. yon deskripsyon okenn lòt faktè ki gen yon relasyon avèk desizyon distrik lekòl-la.

Yo dwe ekri ànons-lan avèk mo senp ke tout moun ka konprann. Epitou, yo dwe ekri-li nan lang angle ak nan lang paran-an pale lakay. Nenpòt moun kap sèvi kòm entèprèt dwe maton nan lang paran-an pale lakay. Si paran-an oswa pitit-li pa ka fè lekti nan okenn lang osnon yo avèg oswa soud, ànons-lan dwe fèt swa oral, swa ak ekriti bray, swa ankò ak siy oswa sa ki pi apwopriye. Si distrik lekòl-la fè yon ànons vokal oswa kominike yon lòt jan ki pa yon lang ekri (tankou langaj siy) distrik lekòl-la dwe kenbe yon dosye kote li ekri jan li te kominike ànons-lan, ki sa ki te gen ladann epi ki etap li te pran pou asire ou te konpran ànons-lan.

Bay konsantman ekri

Fò ou bay distrik lekòl-la yon konsantman ekri anvan li kapab evalye elèv-la oswa anvan li kapab bay pitit-ou edikasyon espesyal ak lòt sèvis dapre yon IEP. Sa vle di klèman konsantman ou nesèsè anvan distrik lekòl-la kapab fè oswa refè yon evalyasyon pitit-ou epi anvan premye konsiderasyon nan edikasyon espesyal ak lòt sèvis konsènen pou pitit-la epitou pwogram IEP ak plasman kap vin apre. Depi ou fin bay konsantman-ou pou yon premye plasman nan pwogram edikasyon espesyal, si yon paran ta refize konsantman-li pou okenn lòt aksyon ki gen rapò ak edikasyon espesyal, distrik lekòl-la pa gen dwa sèvi avèk refi pou konsantman-an kòm yon rezon pou li refize paran-an oswa pitit-li okenn lòt sèvis, benefis oswa aktivite paran-an oswa pitit-la ta gen dwa. "Konsantman" vle di:


- (a) Yo te ban-ou enfòmasyon detaye sou yon aktivite lè yo te mande-ou konsantman-ou nan lang-ou oswa avèk kèk lòt mwayen kominikasyon, epi
- (b) Nou te konprann epi nou te ekri akò-ou pou aktivite-a yo te mande konsantman-ou-an fèt, epi
- (c) Fòmilè konsantman distrik-la itilize-a explike aktivite yo mande-ou konsantman-ou pou li-a epitou lis rezilta (si genyen) yap distribye epi ki moun yap voye-li bay, epi
- (d) Nou konprann se nou ki chwazi bay konsantman-ou epi nou gen dwa revoke konsantman-sa-a nenpòt ki lè. Depi lè nou ta revoke konsantman nou te bay anvan distrik-la dwe sispann tout aktivite.

Si ou refize konsantman-an:

Nan pi fò ka depi ou refize yon konsantman yap respekte desizyon-ou. Sepandan pou pwoteje dwa pitit-ou lalwa egzijè pou distrik lekòl-la konsidere efè refi-ou-an sou edikasyon pitit-ou. Nenpòt ki lè apre yo fin plase pitit-ou nan yon pwogram edikasyon espesyal si distrik lekòl-la kwè refi konsantman-ou-an kapab anpeche pitit-ou-an jwenn yon edikasyon piblik gratis ki bon (FAPE), Distrik lekòl-la dwe pran dispozisyon pou asire li jwenn FAPE. Konsa nou ka rantre nan medyasyon epi/oswa pwosedi chitatande jan li eksplike pi devan nan liv-la pou rezoud konfli-a. Lekòl distrik-la pa ka mande yon chitatande pou diskite refi-ou pou konsantman si se pou premye evalyasyon oswa premye plasman pitit-ou nan edikasyon espesyal.

Dwa ki asosye avèk konsantman:

- **Ou gen dwa aksepte oswa refize pwopozisyon pou fè evalyasyon pitit-ou.**
- Ou gen dwa aksepte oswa refize yon dekouvenè ki pa yon bezwen espesyal oswa tout yon pwopozisyon IEP osnon yon pati ladann. Ou gen dwa fè yon reyinyon tou avèk reprezantan lekòl-la pou diskite IEP-a trant jou apre nou resevwa pwopozisyon IEP-a.
- Si ou aksepte yon pati nan yon pwopozisyon IEP yo dwe mete pati ou aksepte-a nan aplikasyon toutswit.
- Ou gen dwa aksepte oswa refize plasman ki pwopoze pou delivre sèvis nan IEP-a.
- Yon àne omwens anvan lè pou pitit-ou resevwa diplòm klas segondè-li ou gen dwa diskite alavans sa ki pwopoze pou seremoni remiz diplòm-lan epitou ou gen dwa diskite avèk ofisyèl lekòl-la ki jan sèvis edikasyon espesyal-la ap tèminen. Anplis, ou gen dwa aksepte oswa refize pati IEP-a ki pwopoze seremoni remiz diplòm-lan, epitou ou gen dwa mande swa yon medyasyon swa yon chitatande sou keksyon remiz diplòm-lan nan biwo apèl pou edikasyon espesyal.
- Si se lè pou yo fè yon dezyèm evalyasyon pou pitit-ou (pi souvan a fèt apre twazan), distrik lekòl-la di li pa nesèsè pou yo fè yon dezyèm evalyasyon epi li mande konsantman-ou, ou gen dwa refize rekòmandasyon-an epi mande yon evalyasyon nètale oswa an pati.



Ou responsab voye prevni distrik lekòl-la si ou mete pitit-ou nan yon lekòl prive

Gen sikonstans kote ou ka deside lekòl piblik nan distrik-la pap bay pitit-ou yon edikasyon ki bon (gade prensip òganizasyon #2 FAPE anwo-a) epi ou ka deside retire pitit-ou nan pwogram lekòl piblik-la pou ou mete-li nan yon lekòl prive. Si ou vle chwazi sa epi ou vle distrik lekòl piblik-la peye lekòl prive-a, ou dwe fè distrik lekòl-la konnen anvan ou deplase pitit-ou. Ou ka fè ànonn-la nan reyinyon IEP-a oswa ekri distrik lekòl-la 10 jou travay omwens anvan ou retire pitit-ou nan pwogram lekòl piblik-la. Ou dwe di lekòl piblik-la poukisa ou pa dakò avèk swa IEP-a, swa pwogram lekòl piblik-la pwopoze oswa ap egzèkite pou pitit-ou epitou, ou dwe di entansyon-ou pou retire pitit-ou epi mete-li nan yon lekòl prive. Si lekòl piblik-la mande pou li fè yon evalyasyon pitit-ou anvan ou retire pitit-la, ou dwe mete pitit-ou disponnib pou evalyasyon-sa-a.

Ànonn ou ap bay lekòl piblik-la se premye pa nan pwosedi pou resevwa lajan moun fè kado si ou deside retire pitit-ou nan pwogram lekòl piblik-la. Lè ou fin retire pitit-ou, ou dwe pwouve nan yon pwosedi chitatande pwogram lekòl distrik-la pa mache oswa pa kapab bay pitit-ou benefis pwogram FAPE nan yon tan rezonnab, epitou lekòl prive-a pi kapab bay pitit-ou yon edikasyon ki pi bon. Si ou fini ak de etap-yo epi ou reyisi pwouve kòz-ou, ofisyèl nan biwo apèl pou Edikasyon Espesyal-la ki te patisipe nan chitatande-a kapab mande distrik lekòl-la pou li sèvi ak lajan moun fè kado pou li peye plasman pitit-ou nan lekòl prive.

Dwa pou yon evalyasyon edikasyon endepandan (IEE)

Lè ou peye pou yon IEE:

Si ou pa dakò ak evalyasyon distrik lekòl-la fè pou pitit-ou, ou gen dwa mande yon IEE. Ou toujou kapab mande yon IEE nenpòt ki lè depi se yo kap peye. Depi ou mande distrik lekòl piblik-la va ban-ou yon lis moun ki fè IEE nan rejyon Masachisèt-la malgre ou pa oblije limite-ou ak lis evalyatè-sa-yo sèlman.

Men nan ki sikonstans distrik lekòl-la oblije peye pou yon pati oswa pou tout pri evalyasyon-an:

Règleman leta-a mande pou distrik lekòl-la peye tout IEE pou paran ki gen ti revni epi, yon pati nan pri IEE pou paran ki gen revni mwayen. Si pitit-ou kalifye pou manje midi gratis oswa ak pri redwi, depi ou mande distrik lekòl-la va peye pou yon IEE ki gen menm valè ak kalite evalyasyon distrik lekòl-la fè. Si pitit-ou pa kalifye pou manje midi pri redwi, li kapab kalifye kanmèm pou distrik lekòl-la peye swa an total oswa an pati selon revni fanmi-ou. Distrik lekòl-la va mande enfòmasyon sou revni avèk kèk dokiman kòm prèv. Se ou-menm ki pou deside si ou vle pataje enfòmasyon sou revni-ou avèk distrik lekòl-la. Si ou deside pataje enfòmasyon-sa-a avèk distrik lekòl-la, li dwe di-ou touswit si ou kalifye pou peman total ou an pati yon IEE. Dwa-ou pou lajan moun fè kado peye pou yon IEE dapre revni-ou ap dire 16 mwa kòmanse nan dat ou pat dakò avèk evalyasyon distrik lekòl-la.



Men nan ki sikonstans distrik lekòl ka peye pou pri yon evalyasyon:

Si ou mande distrik lekòl-la pou li peye yon IEE epi ou pa kalifye dapre revni-ou oswa ou pa vle pase nan pwosedi kote yo detèminen si ou kalifye dapre revni-ou, ou dwe ekri distrik lekòl-la pou ou mande peman yon IEE ak lajan moun fè kado. Distrik lekòl-la dwe reponn touswit san delè epi swa dakò pou li peye ranje yon chitatan avèk biwo apèl pou edikasyon espesyal (BSEA) pou pwouve evalyasyon distrik lekòl-la te klè epi pi bon. Si BSEA dakò avèk distrik lekòl-la lè-sa-a distrik-la pa oblije peye yon IEE avèk lajan moun fè kado. Nenpòt lè se lajan moun fè kado ki peye pou yon IEE li dwe fèt selon egzijans Leta ki konsènen kalifikasyon moun kap fè evalyasyon-an ak pri li mande pou li fè evalyasyon-an.

Konsiderasyon sou rezilta IEE-yo:

Si ou fè aranjman pou yon IEE (kit yo peye-li avèk lajan moun fè kado kit yo peye-li avèk lajan pa ou oswa lajan ou prete pèsònèlman) epi, ou mande pou rezilta-a al jwenn distrik lekòl-la, nan 10 jou travay apre distrik lekòl-la resevwa enfòmasyon sou evalyasyon-an li dwe reyini yon ekip pou konsidere evalyasyon-an epi konsidere si gen okenn chanjman ki dwe fèt nan IEP elèv-la dapre rezilta evalyasyon-an.

Plent, Medyasyon ak Chitatan selon pwosedi kòmilfo

Plent oswa preyokipasyon pou konnen si distrik-la ap swiv egzijans edikasyon espesyal:

Depatman Edikasyon-a ankouraje-ou eseye rezoud nenpòt konfli avèk ofisyèl-yo nan distrik lekòl-la. Pran kontak ak direktè lekòl-la, administratè Edikasyon espesyal-la, oswa direktè jeneral distrik lekòl-yo pou ou mande asistans. Men, gen ka kote ou ka santi bezwen pou ou ale andeyò distrik-la. Depatman Edikasyon nan Masachisèt gen yon "Sistèm pou rezoud pwoblèm" kote ou ka pote plent oswa mande pou yo rezoud yon dispit ki konsènen respè lalwa ak règleman. Ou kapab rele Depatman-an dirèkteman nan nimewo (781) 338-3700 pou ou pote plent. Depatman-an va voye enfòmasyon ekri ba-ou epi li va mande ou fè yon deklarasyon ekri pou esplike pwoblèm-nan si ou vle entèvansyon depatman-an. Si ou voye enfòmasyon ekri epi ou mande pou pwoblèm-ou-an rezoud Depatman-an ap asire yo envestige keksyon-an epi nan 60 jou apre li resevwa demann ekri-ou-an la voye ban-ou yon lèt pou li di-ou desizyon-li. Adrès Depatman sistèm pou rezoud pwoblèm nan edikasyon nan rektang akote-a.

Program Quality Assurance Services
Problem Resolution System
Massachusetts Department of Education
350 Main Street
Malden, MA 02148

Sèvis medyasyon oswa chitatan:

Ou gen dwa mande medyasyon oswa yon chitatan kòmilfo. Biwo Apèl pou edikasyon espesyal (BSEA) ap òganize chitatan-de-a depi gen yon dispit ant ou epi distrik lekòl pitit-ou sou keksyon idantifikasyon, evalyasyon, plasman, pwogram IEP pwopoze, jan pou fè aplikasyon IEP-a, previzyon pou yon edikasyon piblik gratis epi ki bon oswa lalwa Leta osnon federal ki prevwa pwosedi pou pwoteje dwa pitit-ou. Si ou rele BSEA nan nimewo (781) 338-6400 yo va ban-ou yon lis avoka ki pa mande chè, oswa menm ki va ede-ou gratis epitou.

Distrik lekòl-la gen dwa mande medyasyon oswa chitatan ak BSEA, òganize pou menm rezon-yo sòf li pa ka mande yon chitatan pou diskite le fèt ke ou refize bay konsantman-ou pou premye evalyasyon oswa plasman pitit-ou nan edikasyon espesyal.

Enfòmasyon sou medyasyon:

Swa ou-menm oswa distrik lekòl-la gen dwa mande medyasyon. Medyasyon se yon aksyon volontè, yon pwosedi enfòmèl, kote medyatè BSEA dirije. Li fèt pou ede ou-menm ak distrik lekòl-la rive jwenn yon akò sou keksyon ki an dispit-la. Si nou rive jwenn yon akò sa yo va ekri-a se yon akò medyasyon. Si okenn akò pa fèt ou toujou gen dwa mande yon chitatande. Si ou vle ranje yon medyasyon oswa ou bezwen plis enfòmasyon sou medyasyon ou ka rele yon medyatè nan Depatman-an nan nimewo (781) 338-6400.

Enfòmasyon sou chitatande:

Yon paran oswa distrik lekòl-la ka voye nan adrès ki nan rektang akote-a yon nòt ekri pou mande yon chitatande.

Bureau of Special Education Appeals
350 Main Street
Malden, MA 02148


Demann pou chitatande-a dwe bay non ak adrès paran-an oswa responsab-la ak non timoun-lan, non reprezantan distrik lekòl-la ak non avoka oswa sipòtè ki konsènen epitou, yon esplikasyon kout sou rezon yo mande chitatande-a. Si ou rele BSEA, yo va voye yon fòmèl ba-ou men ou pa bezwen fòmèl-la pou mande chitatande-a. Lè ou fè yon demann pou chitatande, BSEA va ban-ou yon lis avoka ki pa mande chè oswa menm ki va ede-ou gratis epitou non kèk sipòtè. BSEA va ban-ou tou enfòmasyon detaye sou dwa ak responsablite-ou konsènen chitatande ou mande-a.

Nenpòt ki lè, swa ou-menm oswa distrik lekòl-la mande yon chitatande, BSEA va ranje chitatande-a epi notifiye-ou ak distrik-la sou yon kote ak yon lè ki dwe bon pou nou toulede. BSEA va nonmen yon ofisyèl chitatande ki san patipri pou dirije chitatande-a. Si ou mande-li, BSEA va ban-ou yon lis ofisyèl chitatande ak kalifikasyon-yo.

Chitatande pi fòmèl pase medyasyon. Li egziye ou pote prèv ak dosye depozisyon temwen. Apre chitatande-a ofisyèl chitatande-a va redije yon desizyon ekri epi li va detèminen pwogram ak sèvis edikasyon ki pi bon pou pitit-la. Desizyon-sa-a definitif pou ou epi pou distrik lekòl-la ki oblije mete-li nan aplikasyon.

Depans pou avoka ak lòt depans pou chitatande:

Distrik lekòl-la ap toujou peye depans pou avoka ak chitatande-a. Menm si ou gen rezon nan chitatande-a BSEA pa gen otorite pou li ranbouse-ou pou depans avoka ak chitatande-a. Men, si ou ta vin gen rezon epi BSEA ta decide kont distrik-la, yon tribinal konpetan kapab apre decide remèt-ou frè avoka ak lòt depans pou chitatande-a. Tribinal-la kapab limite lajan-an oswa menm refize demann-ou selon sa ou mande.




Dezakò avèk desizyon yon ofisyèl chitatande-a:

Si ou-menm oswa distrik lekòl-la pa dakò avèk desizyon chitatande-a youn oswa lòt ka fè apèl nan yon tribinal leta oswa tribinal federal. Malgre nan Masachisèt pa gen tan limitasyon pou fè apèl nan tribinal distrik federal, lalwa sou Pwosedi Administratif M.G.L. c. 30A, §14 Leta-a di ou dwe fè yon apèl nan tribinal siperyè leta-a pa pita pase 30 jou apre dat nou resevwa desizyon-an.

Plasman timoun-nan pandan apèl-la:

Diran tan BSEA ap etidye demann-ou pou yon chitatande oswa desizyon yon ofisyèl chitatande an kontestasyon nan yon tribinal apèl pitit-ou dwe rete nan lekòl kote yo te plase-li sòf si ou ap mande yon premye plasman pou li nan yon lekòl piblik. Nan ka-sa-a yap plase pitit-ou nan lekòl piblik-la. Dwa pou timoun-lan rete kote li ye-a rele: "rete la". Se ou-menm, distrik-la oswa yon tribinal ki gen dwa fè okenn chanjman nan plasman oswa pwogram edikasyon pitit-ou pandan tan-sa-a.

Dosye elèv - Dwa pou wè dosye-a ak dwa pou dosye-a rete konfidansyèl



Enfòmasyon jeneral sou dosye elèv:

Nan dosye elèv-la gen nòt pitit-ou ak dokiman tanporè ki gen ladann pami lòt bagay rapò sou pwogram edikasyon espesyal ak kalifikasyon pitit-ou. Ou gen plizyè dwa sou sa ki konsènen dosye pitit-ou kòm elèv. Ou-menm, ak pitit-ou nan sèten sikonstans, gen dwa enspekte epi egzaminen nenpòt oswa tout dosye pitit-ou distrik lekòl-la reyini, kenbe oswa itilize. Si dosye pitit-ou gen ladann enfòmasyon ki konsènen yon lòt elèv, ou gen dwa gade, enspekte epi egzaminen sèlman enfòmasyon ki konsènen pitit-ou. Distrik lekòl-la va limite aksè-ou nan dosye elèv-la sèlman si distrik lekòl-la resevwa yon dokiman legal ki limite otorite-ou nan sa (tankou desizyon divòs oswa responsablite legal ki limite aksè-ou nan enfòmasyon sou pitit-ou.) Tout dwa ki konsènen dosye

elèv-la nan Règleman sou dosye elèv nan Masachisèt. Règleman-sa-yo nan 603 C.M.R. 23.00 oswa ou kapab mande Depatman Edikasyon-an yon kopi règleman-yo. Rezime enfòmasyon-sa-yo itil pou ede-ou rive konprann Règleman sou Dosye elèv.

Dwa pitit-ou pou li gen aksè:

Elèv ki gen katòz an oswa ki nan nevyèm àne lekòl gen tout dwa ou genyen dapre Règleman sou Dosye elèv. Si yon elèv genyen ant 14 ak 17 àne epi li nan nevyèm àne lekòl, kit se elèv-la, kit se paran-li, toulede ansanm osnon youn oswa lòt separe kapab reklame dwa-li. Depi yon elèv rive 18 àne, dwa yo te bay paran-li vin pa-li dapre Règleman sou Dosye elèv. Men paran-li kapab toujou kontinye reklame dwa-li sòf si elèv-la ekri direktè lekòl-li oswa direktè jeneral lekòl-vo pou li anpeche paran-li fè sa. Menm si elèv-la fè yon demann konsa paran-li ap toujou gen dwa egzaminen dosye pitit-li.

Egzamen dosye elèv-la:

Depi ou mande pou egzaminen dosye pitit-ou lekòl-la oblije kite-ou wè-yo san delè ki pa nesèsè, antouka pa plis pase de jou lekòl kole apre dat ou fè demann-ou sòf si ou dakò sou yon tan pi long. Dwa-ou pou ou enspekte epi egzaminen dosye pitit-ou se yon dwa ki pa-ou anvan nenpòt reyinyon ki konsènen yon IEP, oswa yon chitatande kòmiflo sou idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman pitit-ou. Dwa pou enspekte epi egzaminen dosye pitit-ou gen ladann:

- (a) Dwa pou ou mande epi resevwa kopi nenpòt enfòmasyon ki nan dosye elèv-la. Distrik lekòl-la kapab chaje yon frè rezonnab pou fotokopi-yo. Frè-sa-yo pa kapab pi wo pase frè repwodiksyon dokiman-yo epi yo pa kapab non plis antrave dwa-ou pou enspekte epi egzaminen dosye-yo. Distrik lekòl-la pa gen dwa chaje frè pou chèche oswa rekipere enfòmasyon ki konsènen edikasyon espesyal.
- (b) Dwa pou ou rankontre pèsònèl pwofesyonèl kalifye nan lekòl-la epi mande ak jwenn espikasyon sou sa ki nan dosye-yo.
- (c) Dwa pou ou gen yon reprezantan-ou enspekte, egzaminen epi entèprete sa ki nan dosye pitit-ou depi ou bay yon konsantman enfòmè espesifik.

Aksè nan dosye elèv-la:

Distrik lekòl-la oblije kenbe yon dosye sou tout moun ki gen aksè an pati oswa an total nan dosye pitit-ou kòm elèv. Ou gen dwa egzaminen lis non moun-sa-yo. Sòf si gen enfòmasyon nan dosye-a yo dwe retire oswa bay yon moun, yo pa bezwen ekri non manm pèsònèl lekòl-la tankou pwofesè, konseye, sekretè, administratè ki gen reponsabilite ale nan dosye pitit-ou kòm elèv. Depi ou mande sa distrik lekòl-la oblije di-ou kalite enfòmasyon ki nan dosye pitit-ou ak kote dosye yo ye.

Chanje enfòmasyon nan dosye elèv-la:

Ou gen dwa ajoute enfòmasyon, kòmantè ak lòt materyèl ekri ki enpòtan nan dosye elèv-la. Ou gen dwa ekri pou mande distrik lekòl-la pou retire oswa modifiye enfòmasyon ki nan dosye elèv-la. Epitou, ou ka mande yon reyinyon avèk direktè lekòl-la oswa yon moun li deziyen pou fè konnen objeksyon-ou. Ou dwe resevwa yon repons ekri ki ba-ou desizyon-an ki pran pa plis ke yon semenn apre reyinyon-an avèk direktè-a oswa apre dat lèt objeksyon-ou-an si pa te gen reyinyon. Si distrik lekòl-la pa dakò avèk pozisyon-ou, ou ka ekri direktè jeneral lekòl-vo pou wè pozisyon-li. Ou gen dwa tou pou mete nan dosye pitit-ou yon kòmantè sou desizyon-an oswa eksplike rezon dezakò-ou avèk sa ki nan dosye-a. Distrik lekòl-la oblije kenbe kòmantè-ou-yo nan dosye pitit-ou toutotan dosye-a oswa pati ou konteste-a nan men distrik lekòl-la.

Pwogram edikasyon pou ranplasman paran

Si yon timoun sou reponsabilite yon ajans Leta, Depatman Edikasyon dwe asire reponsabilite jwenn yon granmoun ki pa gen okenn enterè pou tèt-li, men ki kapab pran desizyon sou edikasyon espesyal pou timoun-nan. Nan ka-sa-a Depatman-an va detèminen si chwazi yon ranplasman paran pou timoun-lan ki bon. Lè yo chwazi yon ranplasman paran pou edikasyon, li vin gen menm dwa ak reponsabilite tankou yon paran pou keksyon edikasyon espesyal konsènen yon elèv. Li gen dwa reprezante elèv-la nan pwosedi edikasyon espesyal pou idantifikasyon, evalyasyon ak plasman epitou pou asire yon edikasyon piblik gratis ki bon. Se Pwogram Ranplasman paran pou edikasyon (ESPP) ki nonmen ranplasman paran-an pou Depatman edikasyon-an. Pou ou pran kontak avèk ESPP tanpri rele nimewo (508) 792-7679.

Transfè reponsabilite rive laj majè

Lalwa nan Masachisèt rekonnèt yon timoun vin yon adilt jou li gen 18 àne. Depi yon elèv rive laj 18 àne tout dwa ou te genyen pou pran desizyon kòm paran vin transfere bay pitit-ou sòf si yon tribinal decide nonmen yon moun ki pou responsab pitit-ou. Distrik lekòl-la dwe diskite avèk ou-menm epi avèk pitit-ou rezilta transfè dwa-yo anviwon yon àne omwens anvan elèv-la vin gen 18 àne. Paske ou se paran yon adilt ki andikape lekòl-la va kontinye voye ban-ou ak pitit-ou tout ànons obligatwa epi ou-menm ou va kontinye gen aksè nan dosye edikasyon pitit-ou.



Disiplin

An jeneral si pitit-ou pa respekte kòd disiplin lekòl-la, yo ka sispann-li oswa menm retire-li nan plasman edikasyon li ye-a pou yon tan ki pa dwe depase dis (10) jou lekòl youn apre lòt nan yon àne lekòl. Si pitit-ou genyen, itilize, vann oswa chèche jwenn dwòg ilegal swa nan lakou lekòl-la swa nan yon aktivite lekòl-la òganize, oswa si li pote sou li yon zam kit nan lekòl-la kit nan yon aktivite lekòl-la òganize lekòl-la kapab plase pitit-ou nan yon anviwònman edikasyon altènatif tanpowè pandan yon tan ki ka rive 45 jou kalandriye. Si yo mete pitit-ou nan yon anviwònman edikasyon altènatif tanpowè akòz yon aksyon disiplinè, pitit-ou kapab rete nan sityasyon tanpowè-sa-a pandan yon tan ki pa dwe depase 45 jou. Apre sa pitit-ou va retounen nan plasman edikasyon ki te apwouve depi anvan sòf si yon ofisyèl chitatande te deside sou yon lòt plasman oswa ou-menm ak lekòl-la te deja dakò sou yon lòt plasman.

Nenpòt ki lè yon lekòl vle retire pitit-ou nan plasman edikasyon li ye-a pou plis pase dis (10) jou youn apre lòt nan nenpòt àne lekòl, oswa pou plis pase dis jou an total lè yon abitud ranvwa ap etabli, sa vin tankou yon “chanjman plasman”. Men yon chanjman plasman mande sèten pwosedi pou pwoteksyon dapre IDEA ki se lalwa federal sou edikasyon espesyal. Lalwa-sa-a prevwa:

- (a) Anvan okenn ranvwa ki tankou yon chanjman plasman fèt distrik lekòl-la dwe ranje reyinyon yon ekip pou devlope yon jan yo kapab fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl ki va sèvi kòm baz pou devlope yon estrateji ki kapab jwenn yon solisyon pou pwoblèm konpòtman-an. Si yon estrateji te deja devlope Ekip-la dwe egzaminen aplikasyon-li epi modifiye-li si sa nesèsè.
- (b) Anvan yo fè okenn ranvwa ki tankou yon chanjman plasman, distrik lekòl-la dwe voye ban-ou yon deklarasyon sou pwosedi dwa-ou (liv-sa-a) epi fè ou konnen ke ekip-la pral konsidere si konpòtman ki detèminen ranvwa-a gen okenn konneksyon avèk kondisyon andikap elèv-la. Yo rele konsiderasyon-sa-a yon “manifestasyon ki detèminen”. Sonje nou-menm ki paran-an nou toujou gen dwa patisipe kòm manm Ekip-la.

Konsiderasyon pou chèche konnen si konpòtman elèv-la se yon rezilta andikap-li:

Dapre lalwa ekip-la dwe konsidere enfòmasyon nan evalyasyon, enfòmasyon nan obsèvasyon, IEP ak plasman elèv-la epi li dwe detèminen si konpòtman ki motive ranvwa disiplinè-a se yon rezilta andikap elèv-la. Ekip-la dwe konsidere si elèv-la te konprann rezilta ak konsekans konpòtman-an epitou konsidere andikap elèv-la anpeche-li kontwole konpòtman-li.

Si ekip-la detèminen konpòtman elèv-la gen relasyon avèk andikap-li yo pa dwe retire pitit-ou nan plasman edikasyon li ye kounye-a (sòf si li gen zam oswa dwòg oswa lap fè izaj dwòg) jiskaske ekip IEP-a devlope yon nouvo IEP epi deside yon nouvo plasman epitou ou bay konsantman-ou pou nouvo IEP-a ak nouvo plasman-an.


Si ekip-la detèminen konpòtman-an pa gen relasyon avèk andikap pitit-ou-an lè-sa-a lekòl-la kapab sispann oswa disiplinè pitit-ou selon kòd kondwit elèv nan lekòl-la. Men, si elèv-la sispann pou plis ke dis jou lekòl, distrik lekòl-la dwe bay pitit-ou yon edikasyon piblik gratis ki bon (FAPE). Distrik lekòl-la dwe detèminen sèvis edikasyon ki nesèsè pou FAPE epi ki jan ak ki kote yo dwe bay sèvis-yo.

Sizoka gen yon dezagreman avèk sa Ekip-la deside:

Si ou pa dakò ak desizyon Ekip-la sou “manifestasyon ki detèminen”-an oswa avèk desizyon ki plase pitit-ou nan yon anviwònman edikasyon altènatif tanpowè oswa ankò okenn lòt aksyon disiplinè, ou gen dwa mande biwo apèl pou edikasyon espesyal-la pou li ranje yon chitatande kòmilfo san pèdi tan.

LÒT OKAZYON POU KONSIDERE ENFÒMASYON-SA-YO

Chak fwa pitit-ou resevwa yon IEP nouvo oswa yon IEP revize epi nan divès lòt okazyon, oswa tou paske ou mande-li, ou ap jwenn yon fotokopi liv-sa-a disponnib pou ou. Anplis chak distrik lekòl piblik oblije bay ou nan distrik-la bon fòmasyon yon fwa omwens chak àne pou ede ou konprann egzijans nan edikasyon espesyal. Si ou gen keksyon sou dwa-ou oswa dwa pitit-ou apre ou fin fè lekti liv-sa-a, tanpri pran kontak avèk swa biwo edikasyon espesyal distrik lekòl nan zòn-ou, swa Depatman edikasyon Masachisèt, oswa ankò nan nenpòt òganizasyon nan eta-a ki konekte avèk edikasyon espesyal. Pa espere vin yon ekspè. Entansyon detay nan lalwa-a se pou pwoteje pitit-ou epi ede ba-li asirans, resevwa pi bon eksperyans posib nan edikasyon. Tanpri kolabore plis ou kapab nan asosyasyon avèk distrik lekòl piblik-la kap sèvi pitit-ou. Nou espere liv-sa-a ap ede-ou lè ou ap jwe yon wòl aktif nan eksperyans edikasyon pitit-ou.



January, 2002